Рагьараб дарсил план  10 класс

Дарсил тема:   Прилагательное.

Дарсил мурад: 1. Прилагательноялъе баян кьезе.
2. Тексталда прилагательноял ратизе ва жидецаго ургъизе ц1алдохъаби ругьун гьари, хъвавулаб ва к1алзулаб калам цебет1езаби.
3. Бат1и-бат1иял мисалаздалъун г1агараб ракьалде рокьи бихьизаби.

Дарсил ин:

1. Дарсил г1уц1и:

Рорч1ами, лъимал! Щваралищ? Жакъа нилъер бук1ине буго г1адатияб гуреб дарс. Жакъа, лъимал, нилъеца сапар бухьила прилагательноялъул улкаялде. Хъвай жакъасеб къо-моц1.Къоло анлъабилеб  март.Жакъасеб сапаралъул  мурад буго,лъимал,нилъеда прилагательноязул киналго"балъголъаби"лъай.

1 слайд -(Гама)

Жакъа нилъер дарс бук1ине буго ралъдада т1ад.Ралъдада т1асан унеб транспорт щиб,лъимал,кколеб?

Гама.Гьеб гамида т1ад нилъеца т1урала бат1и-бат1иял т1адкъаял.Раха гамиде!

Нилъеда лъазе ккола нилъеца г1агараб т1абиг1ат ц1унизе кколеблъи,сверухълъияде ралъдалъе чороклъи базе бегьулареблъи.Воре к1очене тоге!

Гьанже лъик1 г1енекке дихъ- нужер гамил капитаналъухъ.

2 Слайд - Кинав?Кинай?Кинаб?Кинал? абурал
Суалал г1емерал раг1ун ратила.
Жакъасеб сапаралъ нилъеца ,лъимал
Жавабал ратила гьел суалазе

3 слайд- Берцинай,ц1одорай-яс йигонани,
Лебалав,къуватав -вас вугонани,
Гьайбатаб, хирияб Ват1ан бугони,
Прилагательноял руго,лъимал,гьел.

Ратеха,лъимал,прилагательноял.Щибха бихьизабулеб бугеб

прилагательнояз?

-Предметалъул сипат.

Предметалъул сипат-сурат бихьизабулеб ва Кинав?Кинай? Кинаб? Кинал? абурал суалазе жаваблъун

бач1унеб каламалъул бут1аялда прилагательное абула.

Рилълъана церехун.

Щай гама ч1араб?Вах1,нилъеда лъазе кколел руго маг1наялде балагьун прилагательноял кинал рук1унелали.

2. Ц1ияб дарс бицин.

4 слайд - Маг1наялде балагьун прилагательноял рук1уна лъабго бат1иял:

качествиял, бет1ергьанлъиялъул, гьоркьоблъиялъул.

Рач1а,лъимал,гьезие баян кьезин.

5 слайд - (минаби)

1.Качествиял прилагательнояз бихьизабула бат1и-бат1ияб даражаялъул хасият,сипат.Гьезда цадахъ х1алт1изабизе бегьула "бищунго"абураб раг1и.

Масала,берцинаб -бищунго берцинаб

борхатаб -бищунго борхатаб

(инсулаб-бищунго инсулаб абиларо)

6 слайд - (Т1агърал)

2.Бет1ергьанлъиялъул прилагательнояз бихьизабула бет1ергьан щал ругелали.

Масала, инсулаб т1агъур,царалаб ц1око,г1акдалаб рахь.

К1ОЧОНГЕ!

7 слайд -

Инсул т1агъур,царал ц1око,г1акдал рахь-ккола хаслъул падежалда ругел предметиял ц1арал.

8 слайд - (стакан, орел, ччуг1а)

3.Ц1оролаб стакан, ралъдалаб гьава,жакъасеб къо.

Лъимал,ц1оролаб абураб прилагательноялъ щиб бихьизабулеб бугеб?

Стакан ц1орол гьабураб бук1ин-материал.

Ралъдалаб ччуг1а киб бук1ине бегьулеб?

Ралъдада жаниб - бак1 бихьизабулеб буго.

Жакъасеб заман -заман бихьизабулеб буго.

Х!АСИЛ:

Материалалдехун,бак1алдехун,заманалдехун бугеб

хурхен(гьоркьоблъи) бихьизабулел
прилагательноял гьоркьоблъиялъул ккола.

4. ФИЗМИНУТКА.

Кверал т1аде рорхила,
Цинги г1одор риччала,
Г1ебедехун рит1ила,
Г1одор ч1ун г1енеккила.

5. ДИКТАНТ.

9 слайд - 4 повторить

Баг1араб г1еч,г1арцулаб рачел,муг1рузулаб ц1ум,ц1одорай яс, к1одолаб чохт1о, цебесеб заман,

(Ц1алдохъабаз цоцахъе кьун хал гьабила.Къиматал лъела.)

Лъаялъул улкани,квер г1унт1улелъуб буго
Киндай,лъимал, нилъеца
Гьенибе нух бахъилеб?
Рач1а,лъимал,нилъеца цо лъик1аб х1ай ургъизин.

6. ДАРС ЩУЛА ГЬАБИ. (Х1ай.)

10 слайд - оптимист и зануда

Антонимал ургъе.

Кьарияб,ч1ег1ераб,гьуинаб,борхатаб,ч1едераб,бец1аб,ц1одорай,халатаб,х1инкъарав,
берцинай,лъик1аб.

7. Рокъобе х1алт1и

8. Дарсил х1асил бахъин.

Гьале сапар лъуг1ана,
Лъуг1ич1о лъаялде нух.

Камилал ва пасих1ал
Калимаби ратана.
Гьадингоги берцинаб,
Беричаб гьаб мац1алъе.
Мух1канлъи ва камиллъи
Кьуна, лъимал,нужеца.

Дица гьаб дарсида бицарабщиналъ
Нужей кинабг1аги асар гьабуни,
Гьеб бук1ине буго бищун к1удияб
Нужер рахъалдасан дие сайигъат
Метер маг1арул мац1 хвезе батани,
Хваги нилъ жакъаго,жаниб рак1 кьвагьун.
Х1амзатил Расулил х1асратаб бух1и,
Аваразул рек1елъ бук1аги даим !

11 слайд - ДАРС ЛЪУГ!АНА.

ЛЪИК!АБ БИХЬАГИ! ЛЪИК!АБ РАГ!АГИ!